

Èske èpès jenital kapab trete?

Wi. Pandan èpès pa genyen gerizon, li kapab jere ak medikaman. Genyen medikaman ki kapab anpeche oswa rakousi deklanchman yo. Genyen tou medikaman ki kapab bese risk pou gaye èpès jenital bay patnè ou si ou pran yo chak jou. Pale ak founisè swen sante ou sou opsyon tretman yo.

Kisa k ap rive si mwen pa jwenn tretman?

Èpès jenital kapab koze maleng jenital ki fè mal epi li kapab vin grav nan moun ki genyen sistèm iminitè yo ki fèb. Pa manyen maleng yo oswa likid yo pou evite gaye èpès nan yon lòt pati nan kò ou, tankou je ou. Si ou manyen maleng oswa likid yo, lave men ou imedyatman pou evite gaye enfeksyon ou lan.

Èske mwen kapab fè sèks si m genyen èpès jenital?

Si ou genyen èpès, ou ta dwe pale ak patnè w epi fè li konnen risk yo. Lè ou itilize kapòt, li kapab bese risk sa a, men sa pa pral elimine li konplètman.

Pran medikaman antiviral chak jou pou èpès kapab redui risk pou pase li bay patnè seksyèl yo.

Genyen maleng oswa lòt sentòm èpès kapab ogmante risk ou pou gaye maladi a. Menm si ou pa genyen okenn sentòm, ou kapab toujou enfekte patnè seksyèl ou yo.



Èske genyen èpès jenital kapab afekte gwosès mwen?

Enfeksyon èpès kapab pase de manman a pitit pandan gwosès oswa akouchman. Tibebe yo kapab enfekte tou suit aprè yo fèt, sa ki mennen nan yon enfeksyon èpès neonatal potansyèlman mòtèl. Si ou ansent epi ou genyen èpès jenital, li enpòtan anpil pou ou ale nan vizit swen prenatal yo epi pale ak founisè swen sante ou.



Kijan mwen kapab redui risk pou mwen trape èpès jenital?

Si ou aktif seksyèlman, ou kapab:

- Itilize yon kapòt latèks, nitril, oswa kapòt an poliyuretàn kòrèkteman chak fwa ou fè sèks nan dèyè, nan bouch oswa nan vajen.
- Konnen estati patnè ou. Pale ak patnè ou sou kesyon fè tès pou EST yo.

Si ou nan yon relasyon ak yon moun ou konnen ki genyen èpès jenital, ou kapab bese risk ou nan:

- Aisre ke patnè ou pran yon medikaman anti-èpès chak jou.
- Evite fè sèks nan vajen, dèyè, oswa nan bouch lè patnè ou genyen yon deklanchman.

Konnen ke viris èpès la kapab lage (koule) nan zòn ki nan po a ki pa genyen yon maleng èpès vizib. Pou rezon sa a yo, kapòt kapab *pa pwoteje* ou konplètman nan trape èpès.

Pou plis enfòmasyon, vizite:
<http://www.bphc.org/sti>

Èpès Jenital



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
617-534-5611

Kisa èpès jenital la ye?

Èpès jenital se yon enfeksyon ki transmèt seksyèlman (EST) ki koze pa youn nan de tip viris: viris èpès senplèks tip 1 (HSV-1) oswa tip 2 (HSV-2). Tip èpès jenital ki pi komen an se HSV-2. HSV-1 koze enfeksyon pi souvan nan bouch la ak po bouch (bouton lafyèv), men kapab koze tou èpès jenital.

Kijan youn moun kapab trape èpès jenital?

Èpès jenital gaye lè youn moun fè sèks nan vajen, deyè oswa nan bouch ak youn moun ki enfekte. Ou kapab enfekte tou nan kontak ak:

- Yon maleng èpès.
- Krache (si patnè w genyen yon enfeksyon èpès nan bouch) oswa sekresyon jenital (si patnè w genyen yon enfeksyon èpès jenital).
- Po nan zòn bouch la si patnè w genyen yon enfeksyon èpès nan bouch, oswa po nan zòn jenital la si patnè w a genyen yon enfeksyon èpès jenital.

Ou pa kapab trape èpès nan bouch twalèt, dra ak sak zòrye, oswa pisin, oswa nan touche bagay bò kote w tankou ajantry, savon, oswa sèvyèt.

Li posib to pou trape èpès jenital si ou resevwa sèks nan bouch nan men youn patnè ki genyen èpès nan bouch.

Kisa sentòm èpès jenital yo ye?

Pifò moun ki genyen èpès jenital pa genyen okenn sentòm, oswa yo genyen sentòm ki pa grav. Lè sentòm yo vini, lezyon èpès yo kapab parèt tankou:

- youn oswa plizyè zanpoud sou oswa alantou pati jenital yo, rektòm, oswa bouch yo.
 - Apre sa, ti zanpoud yo kase epi kite maleng ki fè mal ki kapab pran omwens yon semèn pou geri.
- sentòm ki sanble ak grip tankou lafyèv, kò fè mal, oswa glann ki anfle.
- pikotman oswa sansasyon grate nan bouch ak po bouch ou oswa ant janm ou yo.

Sentòm sa a yo gen dwa pase inapèsi oswa konfonn ak youn lòt kondisyon po, tankou youn bouton oswa cheve ki tounen chè. Se poutèt sa, pifò moun ki genyen èpès pa konnen sa.

Deklanchman ki reparèt yo anjeneral pi kout epi mwens grav pase premye a. Malgre ke enfeksyon an rete nan kò a pou tout rès vi w, kantite deklanchman yo kapab diminye apre youn sèten tan.

Konbyen tan youn moun ki enfekte kapab gaye èpès jenital?

Yon fwa ke youn moun fin enfekte ak èpès jenital, li kapab gaye li bay nenpòt moun li genyen kontak seksyèl ak yo. Moun kapab gaye èpès jenital menm lè yo pa montre okenn sentòm.



Ki moun ki kapab trape èpès jenital?

Nenpòt moun ki aktif seksyèlman kapab trape èpès jenital. Fè sèks san pwoteksyon (san kapòt lateks, poliyiretàn, oswa kapòt nitril oswa baraj dantè) ogmante chans pou trape èpès jenital. Nan Etazini, 11.9% nan moun ki genyen laj ant 14 a 49 lane genyen èpès jenital.

Kijan pou m konnen si m genyen èpès jenital?

Sèl fason pou konnen si w genyen èpès jenital se fè tès. Founisè swen sante ou kapab pran youn echantyon nan youn maleng epi teste li. Nan kèk sitiyasyon, yo kapab itilize youn tès san pou chache antikò pou èpès.

Remak: Youn tès san pou èpès kapab ede detèmine si ou genyen yon enfeksyon èpès. Li pa kapab di ou ki moun ki te ba w li oswa depi konbyen tan ou enfekte.

Ki kote mwen kapab fè tès?

Pifò founisè swen sante yo ofri tès pou èpès jenital ak lòt EST. Pou jwenn youn sant kote yo fè tès tou pre ou, rele Liy Sante Majistra a nan **617-534-5050** oswa vizite www.helpsteps.com.

Èske èpès jenital kapab geri?

Non. Pa genyen gerizon pou èpès jenital. Sepandan, genyen medikaman ki kapab anpeche oswa rakousi deklanchman yo. Ou kapab pran youn nan medikaman anti-èpès sa yo chak jou, epi li bay mwens chans ke ou pral pase enfeksyon an bay patnè seksyèl ou .